

## OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON

Non Pasyan an (Siyati, Prenon, Dezyèm Non)

Sèks ..... Dat Nesans .....

Non Etablisman an

No. Depatman/Sal/Rezidans

Pasyan an oubyen reprezantan pèsònèl li dwe ranpli otorizasyon sa a pou itilize/pataje enfòmasyon sou sante ki pwoteje, jan lwa ak regleman nan nivo Eta ak federal mande. Yo kapab bay pati yo ki idantifye nan dokiman sa a ki montre yo vrèman bezwen enfòmasyon an lè yo fin bay otorizasyon sa a, depi pap genyen yon rezon pou panse li pral yon malè pou pasyan an oubyen yon lòt moun. Yon otorizasyon separe ap nesesè pou itilize oubyen pataje enfòmasyon konfidansyèl ki gen rapò ak VIH.

### PATI 1: Otorizasyon Pou Divilge Enfòmasyon

**Deskripsiyon Enfòmasyon Pou yo Itilize/Pataje a:**

**Rezon Oubyen Bezwèn Pou Enfòmasyon an:**

1. Moun ki ap mande enfòmasyon sa a se:
  - moun nan oubyen reprezantan pèsònèl li; oubyen
  - yon lòt moun (tanpri eksplike) \_\_\_\_\_
2. Rezon pou pataje li a se (tanpri eksplike):  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

**De:** Non, Adrès, & Tit Moun/Óganizasyon/Etablisman/Pwogram  
ki ap Pataje Enfòmasyon an

**A:** Non, Adrès, & Tit Moun/Óganizasyon/Etablisman/Pwogram  
pou yo Pataje Enfòmasyon an ak li a

**REMAK:** Si se menm enfòmasyon an yo pral bay plizyè pati pou menm  
rezon a, pandan menm peryòd la, otorizasyon sa a pral aplike a tout pati  
yo ki site pi ba a.

**A.** Mwen bay pèmisyon pou itilize oubyen pataje enfòmasyon ki anlè a ak Moun/Óganizasyon/Etablisman/Pwogram nan (yo) ki  
idantifye anlè a. Mwen konprann ke:

1. Se sèlman enfòmasyon sa a yo kapab itilize ak/oubyen pataje ak otorizasyon sa a.
2. Enfòmasyon sa a konfidansyèl epi legalman yo pap ka pataje li san pèmisyon mwen.
3. Si yo pataje enfòmasyon sa a ak yon moun ki pa oblige konfòme ak regleman federal pou pwoteksyon vi prive yo, lè sa a yo  
kapab re-pataje li epi li pap genyen pwoteksyon ankò.
4. Mwen genyen dwa pou revoke (anile) otorizasyon sa a nenpòt moman. Revokasyon mwen an dwe fèt pa ekri sou fòmilè  
(*mete non etablisman/pwogram nan*) \_\_\_\_\_ ap  
ban mwen an. Mwen konnen ke revokasyon mwen an pap bon si moun yo mwen te otorize pou itilize ak/oubyen pataje  
enfòmasyon sou sante mwen ki pwoteje yo te deja aji daprè otorizasyon mwen gentan bay la.
5. Mwen pa oblige siyen otorizasyon sa a epi si mwen refize siyen li sa pa pral afekte kapasite mwen pou jwenn tretman nan  
men Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk la.
6. Mwen genyen dwa pou enspekte ak kopye pwòp enfòmasyon sou sante mwen ki pwoteje yo pral itilize ak/oubyen pataje  
(daprè egzijans regleman federal sou pwoteksyon vi prive nan 45 CFR §164.524).

**B-1. Itilize/Pataje Yon Sèl Fwa:** Mwen bay pèmisyon pou itilize oubyen pataje enfòmasyon ki dekri anlè a yon sèl fwa ak  
moun/óganizasyon/etablisman/pwogram ki idantifye anlè a. Otorizasyon mwen an ap ekspire:

- Lè yo itilize li;
- 90 Jou Apre Dat sa a;
- Yon lòt lè \_\_\_\_\_

## OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON

Non Etablisman/Ajans la	Non Pasyan an (Siyati, Premye, Dezyèm Non)	No "C"/Idantite
<b>B-2. Itilize/Pataje Detanzantan:</b> Mwen bay otorizasyon pou itilize/pataje enfòmasyon ki dekri anlè a detanzantan ak moun/òganizasyon/etablisman/pwogram ki idantifye anlè a kantite tan li nesesè pou reyalize objektif ki idantifye anlè a. Otorizasyon mwen an ap eksipre:		
<input type="checkbox"/> Lè mwen pa resevwa sèvis nan men ( <i>mete non etablisman/pwogram nan</i> ) ankò _____ ; <input type="checkbox"/> Yon ane apre dat sa a; <input type="checkbox"/> Yon lòt lè _____		
<b>C. Siyati Pasyan an:</b> Mwen sètifye mwen bay otorizasyon pou itilize enfòmasyon sou sante mwen jan li dekri nan dokiman sa a.		
Siyati Pasyan an oubyen Reprezantan Pèsonèl la		Dat
Non Pasyan an (Ekri a lèt yo dekole)		
Non Reprezantan Pèsonèl la (Ekri a lèt yo dekole)		
Deskripsyon Otorite Reprezantan Pèsonèl la pou Aji Pou Pasyan an ( <i>nesesè si Reprezantan Pèsonèl la siyen Otorizasyon an</i> )		
<b>D. Deklarasyon/Siyati Temwen an:</b> Mwen te asiste egzekisyon otorizasyon sa a epi mwen deklare ke yo te bay pasyan an ak/oubyen reprezantan pèsonèl pasyan an yon kopi otorizasyon an ki te tou siyen.		
ASISTE PA: _____ Non ak Tit Moun Anplwaye a Moun Yo Te Bay Otorizasyon An: _____ Dat: _____		
<b>Pou Etablisman an Ranpli:</b>		
Siyati Anplwaye Ki Itilize/Pataje Enfòmasyon an _____ Tit _____ Dat li te bay li		
<b>PATI 2: Anilasyon Otorizasyon Pou Divilge Enfòmasyon</b>		
Mwen anile otorizasyon mwen te bay pou itilize/pataje enfòmasyon ki nan Pati I yo, ak Moun/Òganizasyon/Etablisman/Pwogram non ak adrès li se:		
_____ _____ _____		
Mwen refize otorize pou yo itilize/pataje enfòmasyon ki nan Pati I yo, ak Moun/Òganizasyon/Etablisman/Pwogram non ak adrès li se:		
_____ _____ _____		
Siyati Pasyan Oubyen Reprezantan Pèsonèl la		Dat
Non Pasyan an (Ekri a lèt yo dekole)		
Non Reprezantan Pèsonèl la (Ekri a lèt yo dekole)		
Deskripsyon Otorite Reprezantan Pèsonèl la pou Aji Pou Pasyan an ( <i>nesesè si Reprezantan Pèsonèl la siyen Revokasyon Otorizasyon sa a</i> )		